

Pwoteje Tèt Ou Kont H5N1 Lè W Ap Travay Avèk Bèt Nan Fèm

H5N1 se yon viris grip zwazo ki ka fè w malad. Mete sou ou ekipman pou pwoteksyon pèsònèl (Personal Protective Equipment, PPE) ki rekòmande a lè w ap travay dirèkteman oswa depre avèk bèt ki malad oswa ki mouri, pou pou bèt, fatra, lèt kri, e lòt materyèl ki ta ka gen viris la nan yo.



Lave men w avèk savon ak dlo, apres a mete PPE sou ou nan lòd sa a:

1. Rad Kouvèti ki rezistan ak likid
2. Tabliye enpèmeyab, si sa nesesè pandan w ap travay la
3. Respiratè NIOSH Approved® (pa egzanp, respiratè mask figi filtraj N95® oswa respiratè demi mask elastomerik)
4. Linèt sekirite oswa ekran pou figi ki ajiste kòrèkteman ki san vantilasyon oswa ki gen vantilasyon endirèk
5. Kouvèti tèt oswa kouvèti cheve
6. Gan
7. Bòt

Eskane pou aprann kòman pou w mete ak retire yon respiratè



Pandan w gen PPE sou ou

- Itilize zòn pwòp apa ki prevwa yo, youn pou mete PPE a sou ou epi youn pou retire PPE a.
- Evite manyen zye, bouch ak nen w apre w fin manyen nenpòt matyèl ki kontamine.
- Pa manje, bwè, fimen, vape, moulèn chiklèt, pa chike tabak, ni ale nan twalèt.

Swiv etap sa yo pou w retire PPE san danje

1. Retire tabliye a, si w mete youn
2. Netwaye ak dezenfekte bòt ou yo
3. Retire bòt ou yo
4. Retire rad kouvèti yo
5. Retire gan yo
6. Lave men w avèk savon ak dlo oswa, si savon ak dlo pa disponib, itilize yon dezenfektan pou men abaz alkòl
7. Retire kouvèti tèt oswa kouvèti cheve
8. Retire linèt oswa ekran figi, epi apres a retire respiratè a
9. Lave men w ankò avèk savon ak dlo oswa, si savon ak dlo pa disponib, itilize yon dezenfektan pou men abaz alkòl

Après w fin retire PPE

- Pran douch nan fen woulman travay la.
- Kite tout rad ak ekipman ki kontamine yo nan travay la.
- Siveye sentòm maladi pandan w ap travay avèk bèt ki gendwa malad oswa avèk matyèl. Kontinye siveye sentòm yo pandan 10 jou apre w fin travay. Si w malad, enfòm sipèvizè w epi pale avèk yon doktè.

PPE ki ka resèvi epi PPE jetab

- Pandan w ap retire PPE an, jete tout PPE jetab yo kòm sadwa epi mete PPE ki ka resèvi yo sou kote
- Apre chak itilizasyon, netwaye epi dezenfekte PPE ki ka resèvi yo

Eskane pou jwenn plis enfòmasyon sou PPE yo ak sou sekirite travay yo

